

# Нур

ISSN 0207 - 6551

2

2015

6+





# ФЭЕПЛЪ МЫУЖЬЫХ






Илъэсым махуэшхуэ лъапIэ куэд хэтщ. Абыхэм ящыщ зыщ ТекIуэныгъэм и махуэр. Мы гъэм илъэс 70 ирокъу Хэку зауэшхуэр зэриухрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу а зауэм кIуауэ щытащ цIыху мин хыщI. Ауэ абыхэм ящыщу къэзэзыгъэзэжар мин плIыщIщ зэрыхъур. ЦIыху мин тIощIыр хэти хэкIуэдащ, хэти хъыбарыншэу зауэ губгъуэм икIуэдащ. Хэкум папщIэ зи псэр зытахэр ди къэралым гулъытэншэу къыгъэнакъым. Дэнэ къали къуажи абыхэм фэеплъхэр щыхуагъэувващ, мафIэ мыужьыххэр щоблэ. Апхуэдэу Москва дэтщ сэлэт мыцIыхум и фэеплъ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу цIыхухэр а фэеплъхэм къокIуалIэ, зауэм хэкIуэдахэр ягу къагъэкIыж, удз гъэгъахэр тралъхьэ.

Нобэ псэухэм зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым текIуэныгъэм папщIэ зи псэр зытахэр. Абыхэм я фэеплъхэм дыхуэпэжыныр, тхъумэныр ди къалэнщ.



# Плацдарм

**КЪАРДЭН Бубэ**

*(«Сэлэтым и гъуэгуанэ» повестым щыщ пычыгъуэ)*

Дунейр, щIымахуэкIэ щхьэкIэ, зэхэтIэтIауэ хьэлэчт, шым и ныбэр, ятIэм йоIусэ жыпIэу, пхырыхурт, машинэ, уеблэмэ танк шоссем къытекIынкIэ Iэмал зимыIэт. Бийм игу къэкIыртэкъым дунейр апхуэдэу зэкIэлъымыкIуэу ди дзэхэр абы тезэрыгуэну. ПцIы хэмылъу, нэмыцэхэм я гугъащ, нэгъуэщI мыхъуми, гъущэпсыщэ дунейр хъуху – гъатхэр къэсыху – зэрыс щIыпIэ яхъумэхэм имыкIыну. АрщхьэкIэ ди командованэр нэгъуэщIущ абы зэрегупсысар. Мыбдежым Iуэхур зэфIэзыгъэкIынур псынщIагъэр арт, зэуапIэм Iут бий дзэ гупхэр зэхэкъутауэ адэкIэ кIуэн хуейт. ДауикI, Iуэхум къыхалъхьащ щIыр апхуэдэу шэду танкхэр, машинэхэр къэбгъэсэбэпыныр икъукIэ гугъу зэрыхъунур.

Сыт щыгъуи зэрыхабзэти, сэлэтхэм я деж иджыри хъыбар щекIуэкIырт, икIэщIыпIэкIэ бийр етхужьэну. Ауэ куэдым я фIэщ хъуртэкъым а хъыбарыр. Нэмыцэхэми я гугъэххакъым дэ апхуэдэ мурад диIэу... Топхэр сыхьэткIэ пэжьа нэужь, ди лъэсыдзэр ежьэри ирахужьащ нэмыцэхэр. Фашистхэм запасу яIыгъ дзэхэр къэрашэлIэнкIэ Iэмал яIакъым: ятIэм хэкIыфын машинэ лъэпкъ щыIэтэкъым. ЕтIуанэ махуэм щIэпхъуащ нэмыцэхэр, абы «щIэпхъуакIэ» уеджэ хъунумэ: ятIэм зэралъэкIкIэ хэпщырт, сыт яIыгъми хыфIадзэу. Дуней псор нэмыцэхэм зэрагъэшынэну я гугъэу щыта «тигрхэри» иджы гъуэгум зэкIэлъхьэужьу тетхэт, хывыжьыпэ хуэдэ, я топхэр Iэтауэ, абы исахэм лъэсу ягъэзэжат. А «къаплъэнхэр» иджы джэдум нэхърэ нэхъ шынагъуэншэт, нэхъ Iэсэт. А гъуэгум хуэфIу тетт машинэхэри. Языныкъуэхэм километр бжыгъэ пкIун хуей хъурт, гъуэгум техьэпIэ умыгъуэту.

Ауэ а ебгъэрыкIуэныгъэр ди дежкIи тыныштэкъым, икъукIэ хьэлъэт. Топхэр къыкIэрыхуат, топыщэхэр хъумапIэхэм къизышыфын машинэ лъэпкъ дунейм теттэкъым. Фочышэ, гранатхэр апхуэ-

дизу къаймэщlэкlырт нэмыцэхэм кlэлъеlэ ди сэлэтхэми, абыхэм ящыщ куэдым фоч тlурытl, автомат тlурытl яlыгът: зыр дыдейуэ, адрейр нэмыцэм ейуэ. Сыту жыпlэмэ нэмыцэхэм я фочышэ, автоматышэхэри губгъуэм куэду илът. Ар дауэ къыумыгъэсэбэпынрэт, lуэхур апхуэдэу щыхъуакlэ? Дауэ ящlэми, Днестр екlуэлlа ди дзэхэм здалъэфащ шыкlэ зэрашэ топхэр. Сыт хуэдэу щытми, абыхэм топышэ яlэн хуейт. Мыбдежым колхозхэтхэм топышэхэр километри 10-15-кlэ лъэсу щахь щыlащ. Абыхэм ялъэкl къагъэнакъым советыдзэхэр бий икlуэтым къыкlэрымыхуу теээрыгуэнымкlэ, абы бийм хэщlыныгъэ ин иратынымкlэ. Кlуэрыкlуэм тету ещанэ Украинскэ фронтым и полкхэр щlыпlэ-щlыпlэкlэрэ Днестр зэпрыкlри плацдарм къаубыдащ.



# Сабийр зыгъэгуфlэ

*Тхаклуэ, усаклуэ, сценарист Жылэтеж Сэлэдин илъэс 75-рэ ирикъуащ. Ар къыщалъхуащ Аргудан къуажэм. Абы и тхыгъэхэр иту тхылъ куэд къыдэкlащ. «Нарт хъыбархэм» къытращlыкlа и сценариемкlэ ялэ адыгэ, балъкъэр мультфильмхэр трахащ. «Ашэмэз и бжьамий» и пьесэм къытращlыкlа спекталь Налшык гуащэ театрым куэдрэ щагъэлъэгъуащ.*

*Сэлэдин и тхыгъэхэм я нэхъыбэр щlэблэм, сабийхэм яхуэгъэзащ. Ар егъэджаклуэу, ущияклуэу, узэщlаклуэу зэрыщытыр нэрылъагъущ.*

*Фыкъеджэ абы и lэдакъэщlэкl усэхэм.*



## Пцlащхъуэ



Зи кlэ цlыкlур жьэдэчауэ,
Зи бгъэ тlэкlум сэху теклауэ,
Гъатхэ нэгуу пцlащхъуэ цlыкlу,
Схуэмыхьыжу, сыниплоплъэ,
Сыплежьауэ бзум сахоплъэ –
Сыкъэщlэжыт, си псэ тlэкlу.
Дамэ цlыкlухэр уэ пшэщlауэ
Жьым утесу псым уопыдж,
Хьэблэ цlыкlухэр, укъащlауэ,
Къыззэхуосыр, къыпхуоудж.
Уэ ди унэм къэгъэзэж,
Къэгъэзэж,
Уэ ди нани къыпхуозэш,
Къыпхуозэш.
Щlэуэ абгъуэ щыщl ди деж,
Щыщl ди деж.

## Зэрыджэ



lэрамэу къыпокlэ,
Плъыжьыбзэу ар мэхъу,
Зырызу къыпыпчкlэ,
Уи матэм из мыхъу.
Дыджыбзэщ, уедзакъэм,
Уэ уи lур зэлъэнщ,
Щlыlаер щыдзакъэм,
Мыл кlанэм яблэнщ.
Иджыкlэ плъыжь пытхэр
Мыхъей, зэкlэщlэсщ,
lэрамэу здыпытхэр
Налкъуту мэсыс.
Къэфщlауэ си гугъэщ
А жыгым зэреджэр,
Къэсхьауэ мэтlыгъуэ
Гъунэжу зэрыджэ.

*IУЭРЫIУАТЭ*

# Мазэм ит мэлыхъуэ

*Псысэ*



Из хъуа Мазэм ущеплъкIэ фIыщIагъэ гуэрхэр иболъагъуэ. Ар адыгэхэм ирагъэщхь мэлыхъуэ зылэрыт мэл хъушэм. ИкIи абы теухуауэ щыIэщ мыпхуэдэ хъыбар-шыпсэ цIыкIу.

Зы бэвыжь гуэрым мэл куэд иIэт. Ахэм ящыщ зы хъушэ щIалэ цIыкIум иIыгът, нэхъыжьхэм ар хьэIупс дащIыкIауэ ягъэпсэуртэкъым. Иужьым мащэм идзарэ мыгъуэмылIэурэ гъэлIамэ нэхъыфIу къалъытащ. Мащэшхуэ къатIри ирадзэ. Жэщу, Мазэр къыщыщIэкIкIэ абы и нэр къытримыгъэкIыу еплъурэ елъэIут къыдэIэпыкъуну, мащэм иришыжыну.

Алхуэдэурэ махуэ зэул дэкIауэ, и къарури щIэкIыу щIидзауэ, бэвыжыр къыдэкIащ, пщыIэхэр къиплъыхьыну. Мэлыхъуэхэм щIалэ цIыкIур щахимылъагъуэм:

– Дэнэ щыIэ мэлыхъуэ щIалэр? – жиIэри еупщIащ адрейхэм.

Зыри щыжамыIэм:

– Къэвгъуэт, дэнэ щыIэми, дэни къифх! – ткIийуэ яхуегъэзув бейм.

Езыри ежьащ, и цIэр жиIэу еджэу, лъыхъуэу. ЩIалэ цIыкIум ар щызэхихым, мащэм ерагъыу къигуоукIащ. Бэжьым ар кърешыжри, пей къезыхахэр зыхуей Iуегъэщщ Iэ. Мазэр къыщыщIэкIым щIалэ цIыкIум абы щхьэщэ хуищIурэ фIыщIэшхуэ хуищIащ ажалым къызэрыригъэлам папщIэ. Иужькiэ щыдэплъейм фIэгъэщIэгъуэн хъуащ – езым и сурэтыр мэл хъушэри и гъусэу Мазэм и напэм къытещт. Апхуэдэу зи лэжьыгъэм псэ хьэлалкIэ бгъэдэта щIалэ цIыкIум и сурэтыр Мазэм къинащ и хъушэри и гъусэу.



*Зытхыжар **ШЭРДЖЭС Алийщ***

# ЩІЭБЛЭ



***ВАННАХ Максим*** Прохладнэ къалэм дэт «Таурыхъ» сабий садым и гъэсэнщ.








***МУРЗЭКЪАН Батыр*** Псыгуэнсу къуажэм щопсэу, къэфэну фІэфІщ, усэ куэд гукІэ ещІэ, кикбоксингкІэ зегъасэ.

***ГУЭБЭЛ Залым*** Налшык 41-нэ прогимназием щоджэ, 4-нэ классщ,таурыхъ цІыкІухэм гупсэхуу йодаІуэ.

***ГУЭБЭЛ Радмир*** Налшык 41-нэ прогимназием и гъэсэнщ,усхэр зригъэщІэн фІэфІщ.







***МУРЗЭКЪАН Тимур*** Псыгуэнсу къуажэм щопсэу, дахэ дыдэу къофэ, усэ куэд гукІэ ещІэ, кикбоксингым дехьэх.



ГЪЭУНЭ Борис

# ЛЪЭТЕУВЭ

Дахэ дыдэу Жаннэ Дыгъэ,
Къыпхуахьащ уэ хъушэу тыгъэ:
Пхудощі нобэ лъэтеуви,
Уэ лъэ быдэу щІым теувэ.

Хьэпшып дахэу къыпхуахьахэр
Псори Іэнэм тралъхьащ,
Хэт маршынэ, хэти тхылъ,
Дохутыр фащи, ручки хэлъщ.

Къихьащ пхъуантІэ гъунэгъу фызым,
Хьэпшып дахэ цІыкІухэр дэзу...
...Хэдэт, хэдэт, Жаннэ Дыгъэ,
Къыхэх пфІэфІыр тхуэгъэщІагъуэт...

...Къыхуэмыщіэу къыхихынур,
Щытщ а цІыкІур Іэбэрабэу.
ИкІэм зэуэ ар тоІэбэ
Дохутыр Іэмэпсымэ гуэрым.

«Хурехъу уи псэм ар ІэщІагъэ!
Техьэнщ Жаннэ насып лъагъуэм,
Ирехъу и лъэр абы быдэ!..» –
Къыхуохъуахъуэ абы дадэ.

# ПІытІэ цІыкІу

СЭРАХЪЭ Александр



ДиІэщ дэ зы гъунэгъу лІыжь,
ИІэщ лІыжьым адакъэжь.

Зы пщэдджыжьи ар емыш,
ПІытІэ шхыдэу къэгъэуш:

«Сыт бэлыхь, жи, сыт емынэ!
Зэран хуохъу мыр си жеиным!»

Пщэдджыжь гуэрым ПІытІэ цІыкІум,
ФІэмылІыкІыу тІэкІу емыкІум,

Къэмыушыну мурад ещІ,
Шхыіэн Іувкіэ зызэхуещІ.

Адакъэжьыр пхуэубыдынт,
Зэгуэр мыІуэу къигъэнэнт?

«Іу-Іу-Іу-у-у!..» – ар ину джащ,
Хьэблэ псори къигъэджащ.

ПІытІэ Іуэхур къехъулІакъым,
Зэхимыхыу ар къэнакъым.



Арти, зэуэ ар губжьащ,
Пэцыр ипхъыу къэтэджащ.

«Ар адакъэм хуэзмыдэн!..
Сэ ездзынкъэ си аркъэн!..»

МыІуэ щІыкІэ адакъэжьыр,
ПІытІэ цІыкІу къоуш пщэдджыжьым.

И чэзуми школым макІуэ,
И еджэнри нэхъ йофІакІуэ.

*ХЬЭТУ Пётр*

# Кӏэпхъымрэ дыгъужьымрэ

*Таурыхъ*



Кӏэпхъ цӏыкӏум, зы къудамэм къытепкӏрэ адрей къудамэм телъэу, жыгыщхьэхэм щыджэгуну фӏэфӏ дыдэщ. Махуэ гуэрым апхуэдзу гуфӏэжу джэгурэ пэт къехуэхри жыг щӏагъым зи ныбэ изу ӏурихауэ щылъ дыгъужьыжьым техуащ. Щхъуэжьым, жейбащхъуэ къащтэкъапхъуэу, кӏэпхъ цӏыкӏур къиубыдри жриӏащ:

– Гъыгъ!.. Уэ ӏейр усшхынущи усшхынущ, ауэ мы зыр къызжеӏэ: фэ кӏэпхъ лъэпкъым куэд щӏауэ сыфкӏэлъоплъри, фи дыхьэшх макъым сегъэбампӏэ... Гъыгъ!.. Гъэмахуэри щӏымахуэри фи зэхуэдэщ... Гъыгъ!.. Фи гуфӏэгъуэ махуэшхуэу ивохьэкӏ, фи джэгуныр зэпыуркъым... Сыт апхуэдизу фызыщыгуфӏыкӏыр?

– Кӏыл-кӏыл!.. Япэрауэ, – гузавэрэ зыкӏэлъигъэпӏащӏэу жиӏащ кӏэпхъ цӏыкӏум, – пщэдджыжь къэс джэгу дощӏыр, нэху дыкъызэрекӏам дыщогуфӏыкӏ, дыкъэзыгъэщӏам фӏыщӏэ худощӏ... Етӏуанэрауэ... Кӏыл-кӏыл!.. Пщӏэрэ, а етӏуанэ щхьэусыгъуэр бжесӏэ хъунукъым...

– Гъыгъ!.. Сыт щхьэкӏэ?

– Кӏыл-кӏыл!.. Уи лъэбжьанэ жанхэр къысхэбукӏауэ хуиту сыбгъэпсалъэркъым, ар бжесӏэмэ, укъэгубжьу, нэхъри къысхэбукӏэнкӏэ сошынэ. Сыбутӏыпщмэ, жыгыщхьэм сытесу бжесӏэнщ.

– Гъыгъ!.. Гъыгъ!.. Сыкъэбгъапцӏэу ущӏэпхъуэжыну аращ узыхэтыр!

– Кӏыл-кӏыл!.. Зыгуэр къэдгъапцӏэу ди хьэлкъым дэ... Мы зэм сыбутӏыпщыжмэ, пэжыр бжесӏэнщ...

– Гъыгъ!.. Хъунщ-тӏэ... Уи насыпщ. Нобэ си ныбэ изщи, узутӏыпщыжынщ... Деплъынщ фи пэжагъри здынэсым, – ар жиӏэри щхъуэжьым псэущхьэ дахэ цӏыкӏур иутӏыпщыжащ.

Кӏэпхъ цӏыкӏум, жыгым дэжеижа нэужь, и макъыр къигъэӏуащ:

– Кӏыл-кӏыл!.. Етӏуанэ щхьэусыгъуэм къедаӏуэ: фэ, дыгъужь лъэпкъым, мы дуней псор флӏын хьэзыру, фи дзэлыфэр фотӏ. Аращ нэщхъкӏэ фыщӏэпыджэри, зэшым фыщӏихьри, уэрэд нэщхъей щӏыжыфӏэри. Фӏылъагъуныгъэм фыпэӏэщӏэщ. Фи ябгагъэм, фи губжьым фи гур ежьэ, фи псэхэм зашхыхьыж. Фэ езыхэм фӏэкӏа мы дуней хуитышхуэм нэгъуэщӏ тетын хуэмейуэ къыфщохъу...

Кӏыл-кӏыл!.. Дэ-щэ? Дэ дунейм нэжэгужэу дыщӏытетыр ди псэр къабзэщ, ди гур хьэлэлщи аращ... Зыми и ӏей къэтлъыхъуэркъым, нэгъуэщӏым и мыгъуагъи дыщӏэхъуэпсыркъым.

Дыгъужьыжьым, кӏэпхъ цӏыкӏум жиӏар зэрыпэжымкӏэ и жагъуащэ хъуа, сытми, и щхьэр егухауэ жэщ хъуху быхъ жимыӏэу жыг щӏагъым щӏэсащ. Мазэр къыщыкъуэкӏым, хуейм ихьэщ, тӏысри зэпишу дэкъугъуеящ. Ар абы игъащӏэ лъандэрэ жиӏэ и уэрэд нэщхъейт.





*ЖУРТ Бибэрд*

# ЛЪЭРЫЖЭ

Дадэ сэрэ дызэныбжьэгъуущхуэщ. Сэ ар егъэлеяуэ фӀыуэ солъагъу. Дауэ сымылъагъунрэ жэщ къэскӀэ и гупэ сыщыхэлъкӀэ, зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу таурыхъ, хъыбар къыщызжиӀэкӀэ. Ди дадэ нэхърэ нэхъ таурыхъыбэ ди хьэблэм дэмысу аращ ди гъунэгъухэм жаӀэр.

Декабрым и кӀэхэм уэс куу къесат. Сытым хуэдэут абы дэ, щӀалэ цӀыкӀухэр, дызэрыщыгуфӀыкӀар! Ауэ сэ лъэрыжэ сиӀэтэкъым. Сыт хуэдизрэ папэ семылъэӀуами, имыгъуэту жиӀэрт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, сэ сыжеижа я гугъа, дадэ си адэм ешхыдэрт:

– Мы щӀалэ цӀыкӀум лъэрыжитӀ къыхуэпщэхурхъэ, и ныбжьэгъу цӀыкӀухэм елъэӀуу думыгъэту.

– Уа, ди адэ, згъуэтыркъым, згъуэтыркъым.

– ТӀэ, сэ къыхуэзгъуэтынщ абы лъэрыжэ! – быдэу жиӀащ дадэ.

Псалъэмакъыр абдеж щаухащ. Сэ си щхьэр скъутэжырт дадэ лъэрыжэ къыздрихынур къысхуэмыщӀэу. Дадэ зэи пцӀы иупсыртэкъым. Дауи, си адэм къигъэгубжьауэ аращ. Дэнэу пӀэрэ-тӀэ лъэрыжэ къыздрихынур?

ЕтӀуанэ махуэм еджапӀэ сыкъикӀыжауэ сышхэу сыздэщысым, дадэ пэшым къыщӀыхьэжащ. Абы и блэгущӀэм зыгуэр кӀэщӀэлът. ЯпэщӀыкӀэ сэ абы набдзэгубдзаплъэу сеплъакъым. Ауэ ар унэкум щрилъхьэм, шхэнри къэзгъанэри сыкъыщылъэтащ. Си пащхьэм илъыт пхъэ лъэрыжэ тхьэӀухудитӀ! Сэ си нэхэр къыхуу вхэр къэсщтауэ зэпэсплъыхьырт.

– СпӀо, ПӀытӀыкъ, уигу ирихьыркъэ?

– Ауэ сытми, дадэ!

– Ей, Пlытlыкъ, мылым уэрытехьэу езыхэм урахьэжьэнурэ ежьэжынущ!

Лъэрыжэхэр егугъуу ищlат дадэ. Лъакъуэ тегъэувапlэхэр иlэжу, и лъэгум гъущl кlапсэ гъум щlэшыжарэ езыхэри дзасэ гъэплъакlэ къуэлэнпщlэлэну гъэщlэрэщlэжауэ. Зэрызыщlупхэну фэ кlапсэхэри ищlэжат.

Лъэрыжитlри зэщlэспхэу сыкъыщыдэкlам си ныбжьэгъухэм я нэхэр къихуащ. Дауэ къимыхунрэт, сэр фlэкlа пхъэ лъэрыжэ зыщlэлъ абыхэм зыри яхэттэкъым. Иджыт ялэ дыдэуи абыхэм пхъэ лъэрыжэ щалъагъур. Щlалэ цlыкlухэм зэдауэу щlадзащ. Хэти жиlэрт ахэр зыри мыхъуну, хэти тхьэ щиlуэжырт гъущl лъэрыжэхэм нэхърэ зыкlи мынэхъыкlэу, уеблэмэ lэджэкlэ нэхъыфlу. Дэ баз дызэпихьэу дыкъызэдэжа нэужь, си лъэрыжитlым я пщlэр хуабжьу дэуеящ.

Псори къызэлъэlурт си лъэрыжэмкlэ къевгъэжыхьыну. Арщхьэкlэ ар си ныбжьэгъу Мухьэрбий идакъым:

– Лъэрыжэ ущимыlэм къозымыгъэжыхьахэм ептмэ, дызэныбжьэгъужкъым! – кlэщlу пиущlащ абы.

– Сэ псом нэхърэ нэхъыбэрэ къозгъэжыхьакъэ, Елдар?

– Къэпщlэжащ иджы! Уэра хьэмэрэ сэра къезыгъэжыхьар нэхъыбэрэ?!

– Уэрей, фэ тlум нэхъри нэхъыбэрэ сэ къезгъэжыхьам!

Щlалэ цlыкlухэр аргуэру зэдауэу щlадзащ.

Ауэ хэт хуейми къезгъэжыхьащ а махуэм си лъэрыжэмкlэ. Иужькlэ дадэ къелъэlури Мухьэжрэ Муратри лъэрыжэ яхуищlащ. А тlурат лъэрыжэ зимыlэжу къытхэтыр.

…lэджэ зэмани щlащ абы лъандэрэ, абы щыгъуэ сэри фэ фхуэдэу сыщlалэ цlыкlут. Ауэ сэ ноби сохъумэ дадэ схуищlауэ щыта пхъэ лъэрыжитlыр. Зызохьэ дадэ и фэеплъу. Езы дадэ жиlэрейуэ щытащ: «Цlыхум и фэеплъ дунейм тетыхукlэ езыри псэущ».



*КЪЭЖЭР Хьэмид*

# Псалъэ IэфIыр щыпсэу лъахэм

Псалъэ Iэфlыр щыпсэу лъахэм
дыгъэр нэхъ гуапэу къыщопс,
уэшхыр нэхъ щабэу къыщошх,
жьыри щымызэран.

Псалъэ Iэфlыр щыпсэу лъахэм
псыхэр щынэ Iэрыпlу щыlэсщ,
бгыхэри къыщыгуэуркъым,
щlыри щымыхъей.

Псалъэ Iэфlыр щыпсэу лъахэм
зы хьэдзэр щэрэ-мину щобагъуэ,
ежьужьхэм къэрабгъэу зыщаудыгъу,
пшахъуэм тращlыхь унэри
быдэу щызэфlэтщ.

Псалъэ Iэфlыр щыпсэу лъахэм
Къэбзагъэр щолъапlэ,
Дахагъэр щолъагэ,
Гугъэр щотlэпl.

# Абы зэреджэр

Гъущlыр къэзыгъэш,
шэри зылъэщlэмыхьэ,
хьэуам епсынщlэкl,
кlэрэ пэрэ зимылэ зэманри
зылэмылъэщ,
лъэщыгъэр зиlэм къигъэщlа псори
зыгъэзэджыздж,
сымаджэри къызыфlэзыгъэувэж,
ажал жыхуаlэр зымыщlэ,
блэкlамрэ къэкlуэнумрэ
гугъу демыхьу зэпызыщlэ,
щlалэгур лlыжьым къезыт,
дуней дызытетым и Iэубыдыпlэ, –
абы зэреджэр сыт жыпlэмэ –
псалъэщ.



# ФЭ ФЩIЭРЭ?..

Бзухэм нэхъ лъагэ дыдэу зызыIэтыфу щыIэхэр бгъэ, гриф, кондор хуэдэхэрщ, абыхэм километри 6 – 7-кIэ заIэт. Къаз-бжэхэм, зэщакIуэм щытеуэкIэ, зы сыхьэ-шыргъэм, тым километр 360-рэ къигъэлъагъуэу и псынщIагъэр щIегъэхуабжьэ.



Ди ЩIы щIыIур километр зэбгъуэзна-тIэ мелуан 510-рэ мэхъур. Абы щыщу километр зэбгъуэзнатIэ мелуан 361-р псым еубыдыр. Абы и зэхуэдитIыр Хы Щэхум (Тихий океаным) къылъос.



Псэущхьэхэм щIыIэр нэхъ зыщэчыфыр къазхэмрэ бабыщхэмрэщ, абыхэм градуси 110-рэ яшэч.

Амазонка псым хэс, тафэми къытехьэ анакондэм нэхърэ нэхъ ин блэхэм яхэткъым, абы и кIыхьагъыр метр 12-м щIегъу.





Псэущхьэу хъуам нэхъ макъышхуэ зиIэр благъуэрщ (крокодил хъужырщ). Абы и кIий макъым къимыгъащтэр гъуэтыгъуейщ. Бегемотми макъышхуэ иIэщ. А тIум яужьыжщ аслъэным и гъуахъуэ макъ шынагъуэр.

Иджыпсту цIыху мелардi 7-м щIигъу дунейм тетщ. Илъэс блэкIам ООН-м зэритхамкIэ, 2025 гъэм мелардi 8-м щIигъу, 2050 гъэм меладри 9-рэ ныкъуэм щIигъу а бжыгъэр хъунущ.

Иужьрей зэманым илъэс къэс цIыху мелуан 65 – 70 дунейм къытохьэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ику иту цIыху мини 190-рэ зы махуэм къалъху, мини 8 – зы сыхьэтым, 130-рэ – зы дакъикъэм, 2 – зы мedаным.



*Зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭТУ Пётрщ***

*Жанщэрхъ*

# Таймураз и текIуэнызгъэ



«Адэжь хабзэхэм я къару-2014» зыфІаща ныбжьыщІэхэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ я дунейпсо зэхьэзэхуэ Новосибирск щызэхэтащ. Абы щытекІуащ ди лъахэгъу Къуэблахь Таймураз.

Новосибирск щыІа зэхьэзэхуэр бэнэкІэ хабзэщІэм тету ирагъэкІуэкІащ: я хьэлъагъ елъытауэ гуэша ныбжьыщІэхэр зыхэхуа гупым хэт дэтхэнэми ебэнын хуейт. ТекІуэныгъэ нэхъыбэ къэзыхьарат дыщэ медалыр зыхуагъэфэщэнур.

И хьэрхуэрэгъу псоми хэпщІыкІыу ефІэкІащ Къуэблахь Таймураз. *Кг* 58-рэ зи хьэлъагъхэм я деж абы очкоитІ къудей щыфІэзыхьыфар Узбекистаным къикІа Абдулхалилов Илхомщ, ауэ ари икІэм икІэжым хигъэщІащ.

Къуэблахьыр зыхэта Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар гуп зэпеуэми щытекІуащ. Зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІа хьэлъагъиблым ящыщу плІым ди къэралым щыщхэр щынэхъыфІащ.

*Сурэтым:* Къуэблахь Таймураз Іэмал къегъэлъагъуэ.

# ШколакIуэхэм я зэхьэзэхуэ

Черкесск къалэм щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэхэм киокусинкай каратэмкІэ школакІуэхэм я зэхьэзэхуэ.

Спортсмени 150-м нэблагъэ зыхэта зэхьэзэхуэм фІы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ ди лъахэм икІахэм. КъБР-м и Спорт школым и гъэсэнхэм абы дыщэ медалу 3, дыжьыну 1, жэзу 3 къыщахьащ.



Псом хуэмыдэу дигъэгуфІащ *кг* 50-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм хэта Къэмбэчокъуэ Аслъэнбий. Абы и хьэрхуэрэгъу псори Іэзэу хигъэщІащ икІи хуэфащэ дыдэу япэ увыпІэр зыІэригъэхьащ.

Аслъэнбий и ныбжьэгъухэри хуэмыхуакъым. Алхуэдэу Чабдаров Астемыррэ Гиляхов Къантемыррэ *кг* 45-мрэ 55-мрэ нэсхэм я зэпеуэм щытекІуащ.

Дыщэ зыІэригъэхьэным зымащІэ дыдэщ иІэжар Балъкъыз Ратмир. Абы зэкІэ къылъысар дыжьынращ.

ТекІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ дипломхэр, медалхэр, кубокхэр хуагъэфэщащ.

***ЖЫЛАСЭ Заур***

*Сурэтым:* зэхьэзэхуэм хэтахэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ.

Къэщlэрей и сыхьэ

## ПАСЭРЕЙ КЪУАЖЭХЬ – РЕБУС

8   ~~Э~~ А 

8   ~~Э~~ Ы "" "" + РИНЭ

8  + Р 

И тхьэкlумэ бзэсэ,
И пэ сырищэ,
И нэр еагъуэ.



 ~~Э~~ И  + Р 

 ~~Э~~ И  + Р 



Зи щхьэр мапэ,
Зи кlэр топ.

Тхьэмп +    "" + Э



  "" "" "" + ЕЙ

Тхьэмпlабгъуэ и къуэ нэ хъурей.

*Жэуапыгъэ: тхьэкlумэкlыхь, вслъэн, мыlэрысэ.*



# «Нурым» и гъуджэ

**МЭШЫКЪУЭ Дианэ** Налшык «Лэгъупыкъу» 3-нэ сабий садым и гъэсэнщ. Адыгэ усэхэм дехьэх, гукІэ зрегъащІэ, «Нур» журналыр фІыуэ елъагъу.



НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№2 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б.ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А.АБАЗОВ**
**А.БИЦУЕВ**
**Х.КАРМОКОВ**

Художественный редактор
**Л.ПАРОЕВА**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управления Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
30.01.2015 г.
Выход в свет
27.02.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 22
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000,Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г.Нальчик, ул. Ленина,33